# АДЫГЭ ФАЩЭ.



**Щыгъыным ц1ыхур егъэщ1эращ1э, акъылым егъэдахэ.**

**Адыгэ псалъэжь.**

- Пасэрей адыгэхэм зэрахьа фащэр. Абы щыхьэт техъуэхэр. Лабэ деж къыщагъуэта кхъэлъахэм къи1уэтахэр.
- Касогхэмрэ зиххэмрэ я фащэм тетхыхьахэм ятхахэр.
- Иджырей «адыгэ фащэк1э» дызэджэр къыщежьар.
- Афэ псалъэр къызытек1ар, адыгэ афэ джанэхэр зэригуэшыр.
- Ц1ыхухъу фащэм хыхьэхэр, ц1ыхубз фащэм хыхьэхэр.
- Адыгэ фащэр зыщта лъэпкъхэр.
- Адыгэ фащэм и нобэр.
- Темэм теухуа псалъэжьхэр, абыхэм я мыхьэнэхэр.
- К1эрашэ Т. и «Шу закъуэ» романым щыщ пычыгъуэ «Уэркъ пщащэхэр».
- Хамэ лъэпкъхэм ди фащэм къыхужа1ахэр.

# -Пасэрей адыгэхэм зэрахьа фащэр. Абы щыхьэт техъуэхэр. Лабэ деж къыщагъуэта кхъэлъахэм къи1уэтахэр.



Рис. 14. Хаттский вождь-жрец.

- 1896 гъэм ижь-ижьыж Кеп и гъунэгъуу явэжа 1уащхьэжьым къыщагъуэтауэ щыташ кхъэлъахэ хьэлэмэтхэр. Щ1ым къыщ1агъэщыжа мывэхэм ц1ыху сурэтхэр тетт, я лъэгуажьэм нэсу щ1ауэ.
- 1963 гъэм урыс щ1эныгъэл1 Сокольский Н.И. зи унафэщ1 археологие экспедицэм къагъуэташ адыгэхэм пасэм щыгъуэ зэрахьа фащэм и сурэт тету синд л1ыжьымрэ зауэл1 ныбжьыщ1эмрэ. А экспедицэ дыдэм къыщагъуэташ Ахътэныз хы дэлъэдап1эм деж унэ лъабжьэхэр. Зэрыхуагъэфащэмк1э, ахэр ящ1ауэ щыташ ди лъэхъэнэм ипэк1э I л1.

# Синд л1ыжьымрэ щ1алэмрэ я щыгъынхэр.

- Л1ыжьымрэ щ1алэмрэ я сурэтыр къыхэщ1ык1ат мывэ сэхум. **Л1ыжьым щыгът: джанэ**,1эгъуапэ к1ыхь мыбыхъуу пыту, и пщэр къихауэ, къэдыхьауэ; **тепхъуэ (плащ),** зэхуэлъэфэсып1э куэд и1эу, щ1ы1урэ щ1ы1унэрэ зэри1эри хыболъэгъук1; **пы1э лъагэ**. Зэ 1уплъэгъуэк1э 1эщэ зэри1ыгъыр къапщ1экъым, ауэ уеплъыпэмэ, абыи гу лъыботэ.
- **Щ1алэм и щыгъынхэр:** а л1ыжьым щыгъ джанэм хуэдэщ и джанэр, и тепхъуэм ещхьщ, пы1э лъагэри щхьэрыгъщ. И 1э ижьымк1э джатэ 1эпщэр екъуз, 1э сэмэгум шабзэмрэ шабзэшит1рэ 1эщ1элъщ. Джанэм и к1эр **гъущ1ык1э зытебза к1эпхын** хуэдэу еух, **бгырыпхит1** щ1элъщ – ищхьэмк1э щы1эр нэхъ бгъузэщ, ищ1агъымк1э – нэхъ бгъуэщ. **Пы1эм къолэлэх** пщэдыкъыр, тхьэк1умэхэр щ1эзыхъумэ **пыдэхэр**. Щ1алэм и фащэми и 1эщэхэми хыболъагъуэ нэгъуэщ1 лъэпкъхэм я хуэмэбжьымэ: джанэк1эр **алыджхэм** ещхьщ, бгырыпх бгъэшхуэр – **скифхэм**, пы1эр – **синд** т1орысэхэм, джатэр – **мэуэтхэм** (ди лъ. ипэк1э 3 л1.), шабзэхэр – **щэрмэтхэм** (сарматы).

# Иджырей «адыгэ фащэк1э» дызэджэр къыщежьар.

- Адыгэ фащэм зэф1эувэн щ1идзащ 6-нэ л1. Ар тохуэ алыджхэмрэ византийцхэмрэ адыгэхэм нэхъри пэгъунэгъу хъууэ чыристан диныр къащтэу щыщ1адзам.
- Адыгэ фащэр и лъэ щытеувэпар 18-19 л1эщ1ыгъуэхэрщ.
- Щыгъынхэр нэхъ хъума хъуауэ къыщагъуэтыжар Лабэ къыхэхуэж Балкэ псы ц1ык1ум дежщ.



Рис. 1. Одежда адыгских народов и ингушей. XVIII — начало XIX в.
а) черкесский князь и простой черкес. Начало XIX в.;

# Адыгэ фащэ щы1ахэр.



Рис. 1. (продолжение)
б) черкес в военной одежде, простой черкес и княж
Начало XIXв.



Рис. 2. (продолжение)
б — черкес. 1840-е годы;



Рис. 2 (продолжение)
г — черкесские женщины из Геленджика. 1840-е годы;

# Афэ псалъэр къызытек1ар, адыгэ афэ джанэхэр зэригуэшыр.

- **«Афэ»** псалъэр къытек1ауэ ялъытэ «1эфэм» - 1эщым и фэм. Тхьэгъу зэрыдзахэр къемыжьэ щ1ык1э, зауэл1хэм зэрызахъумэ джанэ 1увыр къыхащ1ыу щытащ 1эщышхуэм и фэм.

**Афэ джанэхэр егуэш:**

- **къызэрык1уэ** афэ
- **афэху** – дыжьын зытегъэлъэда
- **щ1эрэщ1ауэ** (чэрэчауэ) –нэхъыф1 дыдэщ, быдэ дыдэщ, т1ууэ зэтелъщ, хьэлъэ дыдэщ.

# Ц1ыхухъу фащэм хыхьэхэр, ц1ыхубз фащэм хыхьэхэр.

- Щ1агъщ1элъ, къэптал, цей, джанэ, гъуэншэдж, бгырыпх, хъурыфэ е упщ1э пы1э, лъей, лъахъстэн вакъэ, шырыкъу лъапщэ к1ыхь, джэдыгу зэхуэмыдэхэр, щ1ак1уэ.
- Ц1ыхухъу фащэм хыхьэу щыташ афэм къыхэщ1ык1а нэ1урыдзэри, афэ 1элъэхэри, лъэгуажьэтелъхэри.

- Щ1агъщ1элъ, джанэ, бгырыпх телъу бостей, гъуэншэдж, т1ууэ зэгуэк1ыу, шырыкъу, пы1э лъагэ, джэдыгу, хъурыфэм, бажафэм, дзыдзафэм къыхэщ1ык1ахэу.
- Ц1ыхубз щыгъынхэр къыхэщ1ык1ат данэм, шылэм, дарийм.

# 18-19 л1. щы1а фащэхэр.



Черкешенки в изображении европейских авторов (18 — 19 вв.)



Групповой портрет кабардинок (1890 г.).

# Касогхэмрэ зиххэмрэ я фащэм тетхыхьахэм ятхахэр.

- «Хьэпшэпхэр ахэм къыхуашэ Трапезунд къик1 кхъухьхэм, езыхэм я лъэныкъуэми йок1 кхъухьхэр... Кашакхэм ящ1 щэк1хэр псом нэхърэ нэхъ ц1эры1уэщ», - етх 10 л1. псэуа хьэрып щ1эныгъэл1 Масуди.
- «Адыгэ бзылъхугъэхэм я щыгъынхэр къыхащ1ык1 щэк1 хужьым, рум дарийм, щэк1 плъыжьыбзэм, нэгъуэщ1 дарий лъэпкъхэм, дыщэ идэк1э щ1эгъэнауэ», - етх Масуди.

**Хъыджэбз дэсым и фащэ.**



**Зэрашэрэ илъэс иримыкъуа нысащ1эм и фащэ.**





- **Бын зи1э бзылъхугъэм и фащэ.**

# Адыгэ фащэм теухуауэ.

- Адыгэ фащэм «черкескэк1э» еджэу урысыбзэм щыхыхьар 1861 гъэм ноябрым и 27-щ, Зауэмк1э Урысей Министерствэм унафэ къыдигъэк1а нэужьщ.

- 1828 гъэм адыгэ фащэр къазакъхэм ящтащ. Кавказ линием и генерал-лейтенант Эмануэль къазакъхэм я фащэ зэхэтхъуар хуэмышэчыжу, псоми адыгэ фащэ зэрахьэну унафэ ищ1ащ.
- 1831 гъ. урыс пащтыхь Александр II-м абы 1э щ1идзащ.

# Фащэм теухуа псалъэжьхэр.

- Укъыздамыщ1эм ущыгъынщи, укъыздащ1эм уакъылщ.
- Фащэм я нэхъ дахэр ук1ытэщ.
- Бзылъхугъэм и 1эщхьи, и щхьи и фащэщ.
- Дахагъэр зэк1ужщи, зэк1ужыр

фащэщ.



Дуней хъурейм яф1этелъыджэ адыгэ фащэр иджы къызыхуэнэжар къэфак1уэ гупхэмрэ музейхэмрэщ.




